

5 out 2020

Mèsi pou fleksibilite e konpreyansyon ou pandan nou ap kontinye apwòch adaptif e responsab nou an pou rouvèti ane lekòl 2020-21 an. Daprè done resan nou rekeyi sou preferans modèl edikatif yo, nou ta renmen ba ou yon reaktyalizasyon.

Apre 58% elèv planifye pou retounen nan syèj lekòl nan dat 31 out e rès elèv yo ap angaje nan opsyon vityèl.

ELÈV KI NAN NIVO LEKÒL ELEMANTÈ AK MWAYEN

- Elèv ki vle yon opsyon edikatif fleksib pral anwole nan eCollier Academy (Opsyon 3) e yo pral mentni yon plas nan lekòl elemantè e mwayen yo te ye a pou ane eskolè 2020-21 an (ki enkli chwa parantal/zòn andeyò lekòl)
- Yo rezève eCollier Academy pou elèv elemantè e mwayen ki nan yon opsyon fleksib akòz nonb elèv ki distribye nan distri eskolè a ansanm ak bezwen pou pwofesè ki ap konsantre sou modèl fleksib la

NIVO LEKÒL SEGONDÈ

- Koulye a chak lekòl segondè pral sèvi elèv ki chwazi Opsyon 3 yo avèk orè fleksib akòz kantite elèv ki chwazi opsyon sa a, bezwen pou pote siveyans sou ekzijans pou gradiyasyon yo, ak konpleksite ki genyen pou bati orè klas segondè y

ECHANTIYON SOU ORÈ CLASSROOM CONNECT “JOU NAN LAVI A”

Tanpri gade yon echantiyon sou “Jou Nan Lavi” pou Classroom Connect la (Opsyon 2) elèv (elemantè e segondè).

- [Elemantè](#)
- [Segondè](#) (escuela intermedia y superior)

MATERYÈL ESKOLÈ

Lekòl yo ap reaktyalize lis materyèl eskolè pou paran revize byento alavni.

- Chak lekòl pral notifiye paran yo sou orè pou konnen kilè pou yo pase pran materyèl yo (17 out-28 out) pou aparèy/ekoutè avèk mikwo anliy Collier Connect yo (1 pè), materyèl enstriksyonèl (Classroom Connect e eCollier Academy), ak fabrik ke Distri a ap bay pou kouvri vizaj
- Elèv ki anwole nan syèj lekòl ls pral genyen pou pote pwòp boutèy dlo yo pou kapab replen yo nan estasyon pou ranpli boutèy yo

Kòm sa te pataje nan sezon prentan an, elèv ki nan klas katriyèn pou rive nan uityèm ane pral itilize yon sistèm òganizasyonèl komen ki baze sou òganize materyèl enstriksyon nan yon katab

ki genyen twa pòch oswa yon Trapper Keeper ki genyen sistèm koulè sa yo:

- Lang Anglè (Lekti/Elemantè) – WOUJ
- Lang Anglè (Ekriti/Elemantè sèlman) – JÒN
- Matematik – MOV
- Syans – VÈ
- Syans Sosyal - BLE

ESKRIPSYON ELÈV

Eske ou genyen yon timoun oswa manb fanmi ki bezwen enskri lekòl? Ekip nou genyen ki ap fè Enskripsyon Elèv yo chita nan biwo yo e yo prè pou ede ou! Pou evite nenpòt delè, tanpri fè efò pou enskri pitit ou a koulye a. Pwosesis la ap fèt konplètman anliy ane sa a! Ou pral jwenn enstriksyon yo nan collierschools.com/registration. Eske ou genyen kesyon? Email registration@collierschools.com oswa telefòn 239-377-0547 pou w ka pale avèk ekip ki ap fè Enskripsyon Elèv yo.

Mèsi ankò pou sipò e konpreyansyon ou pandan nou ap ogmante opsyon pou ane eskolè 2020-21 an pandan sitiyoasyon sa a ap kontinye devlope detanzantan. Nou la pou ofri sipò pou kapab pran desizyon ki pi bon pou pitit ou a, e nou konnen ke pa genyen yon opsyon ki ap (pi bon) pou tout moun.

Pou enfòmasyon ki pi resan yo, vizite sit entènèt Moving Forward nou an nan collierschools.com/reopening. Tanpri kontakte lekòl pitit ou a si ou genyen nenpòt kesyon oswa voye yon kouryèl nan reopening@collierschools.com.

Dr. Kamela Patton
Sipèentandan Lekòl yo